# И.ЮСУПОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ОБРАЗЛЫ СҮЎРЕТЛЕЎ УСЫЛЛАРЫНЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Ш.Арзыев,**
*Әжинияз атындағы НМПИ,*
*Қарақалпақ әдебияты кафедрасы*
*еркин излениўшиси*

***Резюме.*** *И.Юсупов поэзиясы қарақалпақ тилиниң сеслик образлылығына, стиллик байлықларына, астарлы ҳәм өткир мәнилерине ийе. Бунда сүўретлеў қураллары менен усыллары пикирдиң образлылығын, мазмунның эмоционаллығын тәмийинлеўши хызмет атқарады.*

***Таяныш сөзлер:*** *әдебият, көркемлик, образ, поэзия, шайыр.*

***Резюме.*** *Поэзия И. Юсупова отличается эмоциональным образом каракалпакского языка, богатством стиля, притч и острых смыслов. При этом средства художественного изображения служат обеспечению наглядности мысли творца и эмоциональности содержания.*

***Ключевые слова:*** *литература, художественность,, образ, поэзия, поэт.*

***Resume.*** *The poetry of I. Yusupov is distinguished by the emotional image of the Karakalpak language, the richness of style, parables and poignant meanings. At the same time, the means of artistic representation serve to ensure the clarity of the creator's thoughts and the emotionality of the content.*

***Key words:*** *literature, artistry, image, poetry, poet.*

Көркем әдебиятта образ сөзлер жәрдеминде жасалады. Сонлықтан бунда сөзге айрықша поэтикалық ўазыйпа – көркемликти тәмийинлеў функциясы жүкленеди. Бул функция, әсиресе, көркем шығармадағы көркемлеў кураллары ҳәм усыллары (троплар ҳәм фигуралар) арқалы айқын жүзеге келеди. Көркем шығарманың, соның ишинде, лириканың көркемлик қуны ондағы жәмийетлик яки улыўма адамзатлық проблемаларға, болмаса инсан қәлбиниң гөззал туйғыларына қурылған мазмунның өзине тән сулыў, тартымлы форма арқалы жеткерилиўинде көринеди. Форманың сулыўлығын ҳәм мазмунның көркемлигин тәмийинлеўши тийкарғы әмеллер – булар шебер ислетилген көркемлеў қураллары менен усыллары.

И.Юсупов поэзиясының көркемлик өзиншеликлерин үйрениў, қаҳарман образын жасаўда, лирикалық қаҳарман кеширмелерин бериўде, дәўир шынлығын сәўлелендириўде көркем сөўретлеў усылларының хызметин ашып бериўди мақ.

«Тәбият пенен жайлаў, саҳра менен теңиз, дәрья менен көллер, ғаз-торғайлар менен тиллесетуғын халықтың тили бай болады. Оның ойлаў дүньясы көбинесе образлы болады. Ибрайымның қосықлары - әне усы халық

жүрегиниң дүрсилдеп соғысы, усы халық турмысының айқын көриниси, тутас бууыны. Бул қосықлар халық жүрегин, тәбият тилин перзентлик, азаматлық сезими менен терең уғынып, жан күйдирип жырланған қосықлар» [4.7]-деген еди белгили өзбек шайыры Зулфия.

Ҳақыйқатында да И.Юсупов поэзиясы қарақалпақ тилиниң сеслик образлылығына, стиллик байлықларына, сөз мәнисиниң түрлише қубылыўларына, астарлы ҳәм өткир мәнилерине ийе. Бунда сүўретлеў қураллары менен усыллары пикирдиң образлылығын, мазмунның эмоционаллығын тәмийинлеўши хызмет атқарады.

Ҳәр қандай шығарманың көркемлик қунын баҳалаўда ондағы қолланылған көркемлеў қуралларының көркемлеў хызметин, олардың шығарма пүтинлигинде тутқан орнын үйрениў де айрықша әҳмиетке ийе. Көркемлеў қураллары әдебияттаныў илиминде «Көркемлеў қураллары», «Сүўретлеў қураллары», «Троплар» деп те жүритиледи. Шығарма формасын изертлеўде көркемлеў қураллары ҳәм усылларының мазмунға қатнасын да анализлеў зәрүрлиги туўылады. «Тек ғана поезияда фигуралар ҳәм троплардың жәрдеминде сөздиң ишки формасы пайда етиледи» [3.206][1] деп жазады рус илимпазы М.Поляков троплардың шығармадағы әҳмийети туўралы. Троплар сөйлеў тили байлығының ҳәм көркем дөретиўшиликтиң дереги есапланады.

Көркемлеў қураллары менен усыллары шығарманың поэтикасын, анығырағы, оның бир бөлимин қурайды. Орыс әдебиятшы алымы В.Виноградов «Поэтика көркем дөретиўшиликтеги формалар, түрлер, көркемлеў қураллары ҳәм усыллары ҳаққында илим» [1.159] деп жазған еди. Сондай-ақ В.М. Жирмунский де троплар ҳаққында сөз ете отырып оны поэтиканың бир бөлими сыпатында баҳалайды [2.30].

И.Юсуповтың поэзиясында көркем сүўретлеў усылларының көплеген түрлери ушырасады. Мине усы усыллардың бири жанландырыў - «Ўатан топырағы» қыссасының кирисиўинде шайыр илҳам перисине мүржәәт етеди. Бунда ол илҳам перисине жанлы нәрсе сыяқлы, ҳәттеки өзиниң ең жақын сырласы, жәрдемши досты сыпатында қатнас жасайды. Ал, «Кегейли бойында» қосығында ҳәккеге қарата лирикалық қаҳарман өз дебдиўлерин төгип салады. Бунда ҳәкке туўылған жерди таслап кетпейтуғын қус сыпатында ғана емес, ал лирикалық қаҳарман дәртлерине шерик, дәртлес сыпатында қатнас жасалады.

Айта берсем дәрт көп, ҳәккебай достым,
Балалық дәўиримди еске саласаң,

[1] Поляков М.Я. Вопросы поэтики и художественной семантики. –Москва:Советский писатель,1986.-206 с.

Ыссы жаққа кетти көбиси қустың,
Ал, сен бәрҳа бизиң менен боласаң. [5.15]

Қосықта лирикалық каҳарман туўылған жер тәбиятына байланыслы толғанысларын хәккеге қарата бериўи дыққатымызды тартады. Ҳәкке, әдетте, ҳешким елестире бермейтуғын, халық онша сүйсине бермейтуғын кус. Қызықлысы, поэзияда оншелли ҳәкке образы ушыраспайды. Пүтин дүньяның дыққат итибарында турған экологиялық машқаланы ҳәкке образы арқалы сәўлелендириў арқалы да пикирдиң тәсиршеңлигин арттырған.

Шайыр пикирдиң көркемлилигин, эмоционал тәсиршеңлигин тәмийинлеў мақсетинде сүўретлеў усылларынан да утымлы пайдаланады. Антитеза, параллелизм, инверсия, градация, қайталаў, аллитерация эллипсис ҳ.т.басқа стилистикалық фигураларды қолланыў арқалы көркемлик нәтийжеге ериседи.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Виноградов В. Стилистика, теория поэтической речи, поэтика. Москва, 1963.
2. Жирмунский В. Теория литературы. Поэтика. Стилистика. Москва, «Наука», 1977
3. Поляков М.Я. Вопросы поэтики и художественной семантики. – Москва:Советский писатель,1986
4. Юсупов И. «Кеўилдеги кең дүнья». Нөкис, «Қарақалпақстан».
5. Юсупов И. Ҳәр кимниң өз заманы бар. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004